



Department of State Licensing Services

Eta New York
Depatman Deta
Divizyon Sèvis Lisans
 Bwat Postal 22001
 Albany, NY 12201-2001
 Sèvis Kliyan: (518) 474-4429
<https://dos.ny.gov>

Demann POU KAT IDANTITE AK FOTO

SI OU PA GEN YON PÈMI KONDUI ETA NEW YORK LA OSWA YON KAT IDANTITE KI PA POU KONDUI

Chè Aplikan,

Depatman Veyikil ak Motè (DMV) Eta New York la pral fabrike nouvo kat idantifikasyon ak foto w ki soti nan Depatman Deta. Pou yo fè sa, DMV dwe genyen yon foto w nan dosye yo.

- » **Si ou deja genyen** yon Pèmi Kondui Eta New York la ki valab oswa yon Kat Idantite ki pa pou Kondui ak foto w, **ou pa bezwen pase nan yon biwo DMV**. Tanpri retounen nan aplikasyon Depatman Deta w la pou jwenn enstriksyon pou w ka suiv.
- » **Si w pa genyen yon Pèmi Kondui Eta New York la** ki valab oswa yon Kat Idantite ki pa pou Kondui ak foto w, **ou dwe pase nan yon biwo DMV pou w ka fè foto w gratis**. Pote fòm sa a ak prèv non w, dat nesans ou ak siyati w nan biwo DMV a (gade “Egzijans Idantifikasyon anba a”). Apre yo fin revize prèv ou yo, yon manm pèsònèl DMV ap pran foto w epi ba w yon resi. Resi w la (FS-6T) ap gen yon nimewo idantite ki gen 9 chif DMV bay. Ekri nimewo sa a sou aplikasyon Depatman Deta w la

Si ou vle, ou ka aplike pou yon Kat Idantite Etat New York la ki pa pou Kondui lè w al fè foto nan biwo DMV a.

EGZIJANS IDANTIFIKASYON

Anvan DMV pran foto w, ou dwe bay prèv non ou, ak prèv dat nesans ou. Tout prèv yo dwe dokiman orijinal oswa dokiman ki sètifye pa ajans ki bay yo a. Omwen yon prèv dwe gneyen siyati w. Fotokopi pa akseptab. Dokiman menm tip yo konte kòm yon sèl prèv (pa egzanp, de oswa plis kat kredi konte kòm yon sèl kat kredi). Pou yon lis dokiman akseptab kòm prèv idantite ak prèv dat nesans, gade fòm DMV ID-44, ki disponib sou entènèt nan www.dmv.ny.gov. (REMAK: Pou yon tranzaksyon pou Kapte Imaj sèlman, se pa yon kondisyon pou w prezante yon kat Sekirite Sosyal kòm youn nan prèv idantite w yo. Si w prezante yon kat Sekirite Sosyal kòm prèv idantite, sa a ap konte pou de pwen.)

Avètisman - DMV p ap aksepte dokiman ki gen modifikasyon oswa rati. Yo ka konfiske nenpòt nan dokiman sa yo. Prezante dokiman fwod kapab lakòz tou pouswit kriminel.

ENSTRIKYON BIWO DMV (POU DMV SÈLMAN ITILIZE)

Non	Dat Nesans	Sèks
-----	------------	------

Yo te refere kliyan sa a bay DMV pou yon tranzaksyon Kapte Imaj Sèlman (ICO). (Rapèl: Kapte Imaj Sèlman an a se yon tranzaksyon ki pa peye frè.) Si kliyan an sèlman bezwen yon tranzaksyon Kapte Imaj Sèlman, yon aplikasyon MV-44 pa nesèsè. Sepandan, si kliyan an vle jwenn yon Kat Idantite ki pa pou Kondui tou, fè li ranpli yon fòm MV-44, epi fè kontinye ak pwosesis la kòm dabitid.

Nan nenpòt ka, **revize** prèv non, dat nesans ak siyati kliyan pou konfime si yo akseptab. **Idantifye** prèv kliyan an bay lè w verifye yo sou yon ID-44. (REMAK: Pou yon tranzaksyon pou Kapte Imaj Sèlman, se pa yon kondisyon pou kliyan an prezante yon Kat Sekirite Sosyal kòm youn nan prèv idantite yo. Si li prezante yon Kat Sekirite Sosyal kòm yon prèv idantite, sa ap konte pou de pwen.) Ekri non kliyan an, dat li fèt, ak sèks li nan espas ki anwo yo. **Agrafe** kopi biwo FS-6T a nan paj sa a ak nan ID-44 la (ak nan MV-44 la si li nesèsè), epi mete paj yo nan dosye w yo. **Di** kliyan an pou l kenbe kopi FS-6T a, paske li pral bezwen nimewo Idantite kliyan ki enprime sou FS-6T a.